**Signature and Name of Invigilator**

1. (Signature) ______________________

   (Name) ______________________

2. (Signature) ______________________

   (Name) ______________________

**OMR Sheet No. :** ...............................................

(To be filled by the Candidate)

**Roll No.** | | | | | | | | |

(In figures as per admission card)

**Roll No.** ______________________

(In words)

**D 1 8 1 5**

# PAPER - III
# MAITHILI

**Time : 2½ hours]** **[Maximum Marks : 150**

Number of Pages in this Booklet : **12** Number of Questions in this Booklet : **75**

## Instructions for the Candidates

1. Write your roll number in the space provided on the top of this page.
2. This paper consists of seventy five multiple-choice type of questions.
3. At the commencement of examination, the question booklet will be given to you. In the first 5 minutes, you are requested to open the booklet and compulsorily examine it as below :
   (i) To have access to the Question Booklet, tear off the paper seal on the edge of this cover page. Do not accept a booklet without sticker-seal and do not accept an open booklet.
   (ii) **Tally the number of pages and number of questions in the booklet with the information printed on the cover page. Faulty booklets due to pages/questions missing or duplicate or not in serial order or any other discrepancy should be got replaced immediately by a correct booklet from the invigilator within the period of 5 minutes. Afterwards, neither the Question Booklet will be replaced nor any extra time will be given.**
   (iii) After this verification is over, the Test Booklet Number should be entered on the OMR Sheet and the OMR Sheet Number should be entered on this Test Booklet.
4. Each item has four alternative responses marked (1), (2), (3) and (4). You have to darken the circle as indicated below on the correct response against each item.

   **Example :** ① ② ● ④ where (3) is the correct response.
5. Your responses to the items are to be indicated in the **OMR Sheet given inside the Booklet only.** If you mark your response at any place other than in the circle in the OMR Sheet, it will not be evaluated.
6. Read instructions given inside carefully.
7. Rough Work is to be done in the end of this booklet.
8. If you write your Name, Roll Number, Phone Number or put any mark on any part of the OMR Sheet, except for the space allotted for the relevant entries, which may disclose your identity, or use abusive language or employ any other unfair means, such as change of response by scratching or using white fluid, you will render yourself liable to disqualification.
9. You have to return the original OMR Sheet to the invigilators at the end of the examination compulsorily and must not carry it with you outside the Examination Hall. You are however, allowed to carry original question booklet and duplicate copy of OMR Sheet on conclusion of examination.
10. **Use only Blue/Black Ball point pen.**
11. **Use of any calculator or log table etc., is prohibited.**
12. **There are no negative marks for incorrect answers.**

## परीक्षार्थियों के लिए निर्देश

1. इस पृष्ठ के ऊपर नियत स्थान पर अपना रोल नम्बर लिखिए।
2. इस प्रश्न-पत्र में पचहत्तर बहुविकल्पीय प्रश्न हैं।
3. परीक्षा प्रारम्भ होने पर, प्रश्न-पुस्तिका आपको दे दी जायेगी। पहले पाँच मिनट आपको प्रश्न-पुस्तिका खोलने तथा उसकी निम्नलिखित जाँच के लिए दिये जायेंगे, जिसकी जाँच आपको अवश्य करनी है :
   (i) प्रश्न-पुस्तिका खोलने के लिए पुस्तिका पर लगी कागज की सील को फाड़ लें। खुली हुई या बिना स्टीकर-सील की पुस्तिका स्वीकार न करें।
   (ii) **कवर पृष्ठ पर छपे निर्देशानुसार प्रश्न-पुस्तिका के पृष्ठ तथा प्रश्नों की संख्या को अच्छी तरह चैक कर लें कि ये पूरे हैं। दोषपूर्ण पुस्तिका जिनमें पृष्ठ/प्रश्न कम हों या दुबारा आ गये हों या सीरियल में न हों अर्थात किसी भी प्रकार की त्रुटिपूर्ण पुस्तिका स्वीकार न करें तथा उसी समय उसे लौटाकर उसके स्थान पर दूसरी सही प्रश्न-पुस्तिका ले लें। इसके लिए आपको पाँच मिनट दिये जायेंगे। उसके बाद न तो आपकी प्रश्न-पुस्तिका वापस ली जायेगी और न ही आपको अतिरिक्त समय दिया जायेगा।**
   (iii) इस जाँच के बाद प्रश्न-पुस्तिका का नंबर OMR पत्रक पर अंकित करें और OMR पत्रक का नंबर इस प्रश्न-पुस्तिका पर अंकित कर दें।
4. प्रत्येक प्रश्न के लिए चार उत्तर विकल्प (1), (2), (3) तथा (4) दिये गये हैं। आपको सही उत्तर के वृत्त को पेन से भरकर काला करना है जैसा कि नीचे दिखाया गया है।

   **उदाहरण :** ① ② ● ④ जबकि (3) सही उत्तर है।
5. प्रश्नों के उत्तर **केवल प्रश्न पुस्तिका के अन्दर दिये गये OMR पत्रक पर ही** अंकित करने हैं। यदि आप OMR पत्रक पर दिये गये वृत्त के अलावा किसी अन्य स्थान पर उत्तर चिन्हांकित करते हैं, तो उसका मूल्यांकन नहीं होगा।
6. अन्दर दिये गये निर्देशों को ध्यानपूर्वक पढ़ें।
7. कच्चा काम (Rough Work) इस पुस्तिका के अन्तिम पृष्ठ पर करें।
8. यदि आप OMR पत्रक पर नियत स्थान के अलावा अपना नाम, रोल नम्बर, फोन नम्बर या कोई भी ऐसा चिह्न जिससे आपकी पहचान हो सके, अंकित करते हैं अथवा अभद्र भाषा का प्रयोग करते हैं, या कोई अन्य अनुचित साधन का प्रयोग करते हैं, जैसे कि अंकित किये गये उत्तर को मिटाना या सफेद स्याही से बदलना तो परीक्षा के लिये अयोग्य घोषित किये जा सकते हैं।
9. आपको परीक्षा समाप्त होने पर मूल OMR पत्रक निरीक्षक महोदय को लौटाना आवश्यक है और परीक्षा समाप्ति के बाद उसे अपने साथ परीक्षा भवन से बाहर न लेकर जायें। हालांकि आप परीक्षा समाप्ति पर मूल प्रश्न-पुस्तिका तथा OMR पत्रक की डुप्लीकेट प्रति अपने साथ ले जा सकते हैं।
10. **केवल नीले/काले बाल प्वाईंट पेन का ही इस्तेमाल करें।**
11. **किसी भी प्रकार का संगणक (कैलकुलेटर) या लाग टेबल आदि का प्रयोग वर्जित है।**
12. **गलत उत्तरों के लिए कोई नकारात्मक अंक नहीं हैं।**

# MAITHILI
# मैथिली
## PAPER - III
## प्रश्नपत्र - III

**Note :** This paper contains **seventy five (75)** objective type questions of **two (2)** marks each. **All** questions are **compulsory**.

**नोट :** एहिमे **पचहत्तरि (75)** बहु-विकल्पीय प्रश्न अछि। प्रत्येक प्रश्नक **दू (2)** अंक अछि। **सभ** प्रश्न **अनिवार्य** अछि।

1. 'जतय अटारी टारि टारि घन उन्नत लम्बित' पंक्ति अछि :
   (1) नोरक (2) लखिमारानीक (3) शकुन्तलाक (4) उत्तराक

2. बाढ़िक विभीषिकाक वर्णन अछि :
   (1) एकलव्यमे (2) संन्यासीमे (3) नोरमे (4) पतनमे

3. 'पतन' मे पतन भेल अछि :
   (1) इन्द्रक (2) नहुषक (3) दुर्वासाक (4) अगस्त्यक

4. मण्डन-शंकर शास्त्रार्थक मध्यस्थता कएलनि :
   (1) गार्गी (2) मैत्रेयी (3) भारती (4) भामती

5. 'एकलव्य' अछि :
   (1) महाकाव्य (2) खण्डकाव्य (3) गीतिकाव्य (4) कथाकाव्य

6. 'लोक लक्षण' लिखने छथि :
   (1) जयप्रकाश चौधरी 'जनक' (2) चन्द्रनाथ मिश्र, 'अमर'
   (3) गोपालजी झा 'गोपेश' (4) सीताराम झा

7. 'अपूर्व रसगुल्ला' केर रचयिता छथि :
   (1) मिहिर (2) भवप्रीतानन्द ओझा (3) मधुप (4) भुवन

8. 'स्तुति-निन्दामे भेद न मानल
रिपु-हित बुझल समाने' ई पंक्ति लेल गेल अछि :
(1) हलधरसँ (2) तरुसँ (3) श्मशानसँ (4) जन्मदिवससँ

9. 'परमिटक साड़ी' कविताक कवि छथि :
(1) दीपक (2) आरसी प्रसाद सिंह (3) मतंग (4) यात्री

10. 'माँगि रहल छी प्रथम आइ हम
अपन मातृजन वाणी' पंक्तिक कवि छथि :
(1) राघवाचार्य (2) आरसी प्रसाद सिंह
(3) कालीकान्त झा 'बूच' (4) कुलानन्द झा

11. 'की फुरै-ए की ने' लिखने छथि :
(1) भीमनाथ झा (2) मायानन्द मिश्र (3) बुद्धिनाथ मिश्र (4) शांति सुमन

12. 'सरला' नायिका छथि :
(1) हर-गौरी विवाहमे (2) नर्मदा सागर सट्टकमे
(3) सामवती पुनर्जन्ममे (4) सुन्दर संयोगमे

13. माधवदेव नाटककार छथि :
(1) नेपालक (2) मिथिलाक (3) असमक (4) ओडिसाक

14. 'कमल वदन कुवलय दुहु लोचन
अधर मधुरि निरमाने' ई पंक्ति अछि :
(1) उषाहरणक (2) पारिजातहरणक (3) रुक्मिणीहरणक (4) दमयन्तीहरणक

15. 'जुआयल कनकनी'क प्रणयन कएने छथि :
(1) लल्लन प्रसाद ठाकुर (2) उदय नारायण सिंह 'नचिकेता'
(3) गंगेश गुंजन (4) महेन्द्र मलंगिया

16. 'घटकक-पराभव' एकांकी लिखने छथि :
(1) कुमार गंगानन्द सिंह (2) प्रेमलता मिश्र 'प्रेम'
(3) तन्त्रनाथ झा (4) कुणाल

17. ‘सभागाछी’क चर्चा भेल अछि :

(1) मानवकल्पमे (2) तेसरबुद्धमे (3) भारतीमे (4) कन्यादानमे

18. ‘वाचस्पति’ पात्र छथि :

(1) फुटपाथमे (2) दू-पत्रमे (3) नवतुरियामे (4) पनिपतमे

19. दू संस्कृतिक परिचयात्मक उपन्यास अछि :

(1) पवित्रा (2) वसुधाक संसार (3) स्वेदजीवी (4) दू-पत्र

20. तन्त्र पर आधारित उपन्यास लिखने छथि :

(1) शैलेन्द्रमोहन झा (2) ब्रजकिशोर वर्मा ‘मणिपद्म’

(3) रमानन्द रेणु (4) ललित

21. ‘आदिकथा’ केर प्रणेता छथि :

(1) राजकमल (2) जीवकान्त (3) केदारनाथ चौधरी (4) उषाकिरण खाँ

22. साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत छथि :

(1) जगदीश प्रसाद यादव (2) लिली रे (3) मेनका मल्लिक (4) प्रीति ठाकुर

23. ‘अभिशप्त’ लिखने छथि :

(1) महेन्द्र हजारी (2) किशोरीकान्त मिश्र (3) शोभाकान्त झा (4) प्रभास कुमार चौधरी

24. ‘कंचनियाँ’ कथा लिखने छथि :

(1) अनमोल राय (2) दुखमोचन झा (3) ललित (4) जगदीश प्रसाद मंडल

25. ‘गाड़ीक पहिया’ कथाक लेखक छथि :

(1) मायानन्द मिश्र (2) धीरेन्द्रनाथ मिश्र (3) तारानन्द वियोगी (4) शिवशंकर श्रीनिवास

26. ‘कचोट’ कथाक रचयिता छथि :

(1) अशोक अविचल (2) रमानन्द रेणु

(3) अशोक कुमार मेहता (4) अनमोल झा

27. 'घरदेखिया' कथाक धुरी थिक :

(1) वरक निरीक्षण (2) घरक निरीक्षण (3) कन्याक निरीक्षण (4) विभव-निरीक्षण

28. 'ग्रेजुएट पुतोहु' लिखने छथि :

(1) हरिनन्दन ठाकुर 'सरोज' (2) हरिमोहन झा

(3) श्यामसुन्दर झा 'मधुप' (4) कार्त्तिकनाथ मिश्र

29. 'प्रबंध-संग्रह' लिखने छथि :

(1) सुभद्र झा (2) तन्त्रनाथ झा (3) नवीन चन्द्र मिश्र (4) रमानाथ झा

30. साहित्य अकादेमीसँ प्रकाशित 'मैथिली पत्र-पत्रिका' केर सम्पादक छथि :

(1) रमानन्द झा 'रमण' (2) चन्द्रधर झा

(3) मोहन भारद्वाज (4) दिनेश कुमार झा

31. 'हुनकासँ भेंट भेल छल' केर सम्पादक छथि :

(1) मोहनानन्द मिश्र (2) प्रेमशंकर सिंह (3) राजनन्दन लाल दास (4) खुशीलाल झा

32. 'अनुभव' अनूदित ग्रन्थ अछि :

(1) देवेन्द्र झाक (2) जयदेव मिश्रक (3) श्रीकृष्ण मिश्रक (4) उपेन्द्र दोषीक

33. 'भिन्न-अभिन्न' केर रचयिता छथि :

(1) अनन्त बिहारी लाल दास 'इन्दु' (2) रमण झा

(3) दमन कुमार झा (4) रमेश झा

34. 'कोन महल नाम राखबै एकर' लिखने छथि :

(1) कृष्णमोहन झा (2) भुवनेश्वर सिंह 'भुवन'

(3) काञ्चीनाथ झा 'किरण' (4) लक्ष्मीपति सिंह

35. नातिक नामे पत्र लिखने छथि :

(1) कृष्णकान्त मिश्र (2) देवकान्त झा (3) केदार कानन (4) सुभद्र झा

36. ‘चित्रा’ केर भूमिका लिखने छथि :

(1) राधाकृष्ण चौधरी (2) जयकान्त मिश्र

(3) शशिनाथ झा (4) श्रीकान्त ठाकुर ‘विद्यालंकार’

37. ‘पथ हेरथि राधा’ लिखने छथि :

(1) दिनेश कुमार झा (2) लेखनाथ मिश्र (3) जयमन्त मिश्र (4) शैलेन्द्र मोहन झा

38. ‘समीक्षाक प्रतिमान’ केर लेखक छथि :

(1) अमरेश पाठक (2) नरेश मोहन झा (3) विद्यानन्द झा (4) सुरेन्द्र पाठक

39. 1905 ई. मे प्रकाशन आरम्भ भेल :

(1) मैथिल प्रवाहिका (2) मिथिला मिहिर (3) मिथिला मोद (4) वैदेही

40. ‘मैथिली’ शोध पत्रिका प्रकाशित होइत अछि :

(1) तिलका माँझी भागलपुर विश्वविद्यालयसँ (2) ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयसँ

(3) पटना विश्वविद्यालयसँ (4) नालन्दा खुला विश्वविद्यालयसँ

41. ‘मिथिलांक’ प्रकाशित भेल छल :

(1) कर्णामृतक (2) मिथिला भारतीक (3) कचोटक (4) मिथिला मिहिरक

42. ‘भारती-मण्डन’क प्रकाशन-स्थल थिक :

(1) दिल्ली (2) जमशेदपुर (3) सुपौल (4) मुम्बई

43. ‘पूर्वोत्तर मैथिल समाज’ प्रकाशित होइत अछि :

(1) हटनीसँ (2) गुवाहाटीसँ (3) रायपुरसँ (4) हैदराबादसँ

44. मैथिली लोकोक्ति विषयक पोथी प्रकाशित कएने छथि :

(1) महेन्द्र नारायण राम (2) फूलो पासवान (3) ताराकान्त मिश्र (4) कमलकान्त झा

**45.** 'मैथिली मे व्यवहारक गीत' पोथी लिखने छथि :

(1) त्रिलोकनाथ मिश्र (2) विधाता मिश्र (3) लोकनाथ मिश्र (4) आद्याचरण झा

**46.** 'उदासी' गाओल जाइत अछि :

(1) बच्चाक जन्मक अवसर पर (2) जमायक प्रथम विदाइक अवसर पर

(3) बेटीक विदाइक अवसर पर (4) बरियातीक भोजनक अवसर पर

**47.** वाणिज्य-व्यापारक वर्णन भेल अछि :

(1) नवारम्भमे (2) अर्द्धनारीश्वरमे (3) मधुश्रावणीमे (4) नैका-बनिजारामे

**48.** 'बिस्फी' गाम विद्यापतिकेँ प्राप्त भेलनि :

(1) फिरोजशाहसँ (2) शिवसिंहसँ (3) इब्राहिम शाहसँ (4) कीर्त्तिसिंहसँ

**49.** 'विभागसार' केर सम्पादन कएलन्हि :

(1) इन्द्रकान्त झा (2) चन्द्रधर झा (3) गोविन्द झा (4) गजेन्द्र ठाकुर

**50.** विद्यापति रचना कयने छथि :

(1) एक भाषामे (2) दू भाषामे (3) तीन भाषामे (4) चारि भाषामे

**51.** 'ससन परस खसु अम्बर रे
देखल धनि देह' - एहि पंक्तिसँ ध्वनित होइछ :

(1) पूर्वरागक (2) मानक (3) मिलनक (4) विरहक

**52.** विद्यापतिक प्रभावसँ नव भाषाक जन्म भेल :

(1) नेवाड़ी भाषा (2) ब्रजबुलि भाषा (3) सान्ध्य भाषा (4) कूट भाषा

**53.** विद्यापतिक पूर्ववर्त्ती कवि छलाह :

(1) कंसनारायण (2) चतुरचतुर्भुज (3) अमृतकर (4) जयदेव

**54.** ‘दूती’ क प्रयोग भेल अछि :

(1) कीर्त्तिलतामे
(2) कीर्तिपताकामे
(3) लिखनावलीमे
(4) विद्यापतिक पदावलीमे

**55.** चन्दा झाक जन्म भेल छनि :

(1) ठाढ़ीमे
(2) बड़गाँवमे
(3) पिण्डारुचमे
(4) नरहनमे

**56.** ‘लक्ष्मीश्वर विलास’ लिखने छथि :

(1) दीनबन्धु झा
(2) बच्चा झा
(3) चन्दा झा
(4) परमेश्वर झा

**57.** सर्वाधिक लोकोक्तिक प्रयोग भेल अछि :

(1) रमेश्वरचरित मिथिला रामायणमे
(2) जानकी रामायणमे
(3) मिथिला भाषा रामायणमे
(4) मैथिली रामायणमे

**58.** ‘अस्त्र-शस्त्र रोकि आब मामिलाक मारि __________ कैँ पढ़ैछ नित्य-नित्य गारि’ - एतय रिक्त स्थानमे होयत :

(1) माय-बाप
(2) भाइ-भाइ
(3) बाल-वृद्ध
(4) अज्ञ-विज्ञ

**59.** ‘मिथिला भाषा रामायण’ मे शिव-पार्वती-विवाहक वर्णन भेल अछि :

(1) बाल काण्डमे
(2) अयोध्याकाण्डमे
(3) उत्तरकाण्डमे
(4) कोनो काण्डमे नहि

**60.** छन्दक प्रचुरता अछि :

(1) सीतायनमे
(2) राम सुयश सागरमे
(3) मिथिला भाषा रामायणमे
(4) रमेश्वरचरित मिथिला रामायणमे

**61.** ‘मिथिला भाषा रामायण’ मे बालि-सुग्रीव-युद्धक वर्णन अछि :

(1) ‘आरण्य काण्ड’ मे
(2) ‘किष्किन्धा काण्ड’ मे
(3) ‘सुन्दर काण्ड’ मे
(4) ‘लंका काण्ड’ मे

62. 'पुष्कर काण्ड' अछि :

(1) रावण-बधमे (2) व्यथामे

(3) रमेश्वर चरित मिथिला रामायणमे (4) मिथिला भाषा रामायणमे

63. 'लंका नगर' कोलाहल ढेर

पुरदाहक कवि आयल फेर' मे छन्द अछि :

(1) दोहा (2) रोला (3) मन्दाक्रान्ता (4) चौपाइ

64. 'कालकेतु' केर वर्णन अछि :

(1) एकावली-परिणयमे (2) राधा-विरहमे

(3) शकुन्तलामे (4) दत्तवतीमे

65. 'सुभद्रा हरण' लिखने छथि :

(1) दीनानाथ पाठक 'बन्धु' (2) रघुनन्दन दास

(3) तन्त्रनाथ झा (4) बबुआजी झा 'अज्ञात'

66. सन्दीपनि मुनिक वर्णन भेल अछि :

(1) सीतायनमे (2) कादम्बरीमे (3) प्रतिज्ञा-पाण्डवमे (4) कृष्णचरितमे

67. साहित्य अकादेमी सँ पुरस्कृत महाकाव्य अछि :

(1) मुक्त-मधुप (2) गंगा

(3) राधा-विरह (4) नटवर लीला महाकाव्य

68. 'पुरुष-परीक्षा'क प्रथम अनुवादक छथि :

(1) मुरलीधर झा (2) चन्दा झा (3) भोलालाल दास (4) परमेश्वर झा

**69.** 'मैथिली काव्यमे अलंकार' पोथी अछि :

(1) देवेन्द्र झाक (2) महेन्द्र झाक (3) रमण झाक (4) वीरेन्द्र झाक

**70.** 'वृहन्नला' नामेँ विख्यात छथि :

(1) भीम (2) अर्जुन (3) नकुल (4) सहदेव

**निर्देश :** निम्नलिखित गद्यांशकेँ ध्यानपूर्वक पढ़ि ओहिसँ सम्बद्ध प्रश्नावली (प्रश्न संख्या **71** सँ **75**)क उत्तरक हेतु देल गेल बहुविकल्पसँ सही विकल्पक चयन करू :

मिथिलाक आर्थिक इतिहास पनरहम शतक धरि अन्धकारमय अछि। एहिसँ पूर्वक किछु राजनैतिक सूचना भेटैत अछि। कर्णाटवंशीय राजा हरसिंहदेवक पराजयक बादसँ मिथिला निरन्तर मुसलमानक शासनमे रहल। तहियासँ उच्च-उच्च प्रशासनिक पद पर मुसलमान बैसाओल जाइत रहलाह। बहुतो मुसलमान जागिर पाबि-पाबि एतए बसैत गेलाह। नाना प्रकारक कर, विशेष कए किसान पर, बढ़ैत गेल। हाकिम आ' जागिरदार दूनू निरीह जनताक शोषण दूनू हाथें करैत रहलाह। ई क्रम अठारहम शतक धरि निरन्तर चलैत रहल। मुसलमाने नहि, जे कोनो जाति वा वर्गक लोक जमिनदारी, जागिरदारी आदि विशिष्ट सत्ता पओलनि से सबहि दुर्बलक शोषण करैत रहलाह। जँ संख्याक अनुसार देखल जाए तँ स्पष्ट होएत जे शोषणक अवसर जतेक उच्चवर्गीय मुसलमान आ' आन-आन बाहरी जातिक लोक सभकेँ भेटल ततेक डीही लोककेँ नहि। कहि चुकल छी जे प्रशासनमे विशेष कए वित्तप्रबन्धनमे नीचाँसँ उपर धरि बाहरिए लोक भरल छल किएक तँ डीही लोककेँ एहि प्रकारक काजक लूरि नहि छलैक। संगहि शासक-प्रशासक लोकनिमे स्वजनप्रीति प्रबल छल। जखन दरभंगा राज कोर्ट ऑफ वार्डक हाथमे आएल तखनसँ उच्च पद पर अंगरेज आ' बंगाली सेहो आसन जमबए लगलाह। एहि स्थितिमे डीही लोककेँ शोषण करबाक अवसरे कहाँ भेटलैक।

**71.** हरसिंहदेवक पराजयक बादसँ निरन्तर मुसलमानक शासनमे रहल :

(1) नेपाल (2) मिथिला (3) उड़ीसा (4) बंगाल

**72.** हाकिम आ' जागिरदार दूनू शोषण करैत रहलाह :

(1) विधवाक (2) अवलाक (3) निरीह जनताक (4) श्रमिकक

**73.** विशिष्ट सत्ता पओनिहार शोषण करैत रहलाह :

(1) दुर्बलक (2) निर्बलक (3) सबलक (4) निरीहक

74. प्रशासनक वित्तप्रबन्धनमे बाहरिए लोक भरल छल :

(1) नीचाँ सँ उपर धरि (2) उपर सँ नीचाँ धरि

(3) घर सँ बाहर धरि (4) बाहर सँ भीतर धरि

75. शासक-प्रशासक लोकनिमे प्रबल छल :

(1) संगीतप्रीति (2) स्वजनप्रीति (3) कलाप्रीति (4) अर्थप्रीति

- o 0 o -

**Space For Rough Work**